**दिन—गुरूवार** **दिनांक—09.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे लोकसभा चुनावक चारिम आओर पाँचम चरण लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक नेता सभ अपन—अपन प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा आओर रोड शो कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ जहानाबाद लोकसभा क्षेत्र मे जदयू उम्मीदवार चन्देश्वर प्रसाद चन्द्रवंशीक पक्ष मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री चौधरी जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे देश सभ क्षेत्र मे विकास कऽ रहल अछि। ओ भारत के विकसित राष्ट्र बनेबाक लेल लोकसभ सँ एन.डी.ए उम्मीदवारक पक्ष मे भोट खसेबाक लेल जनौलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ बेगूसराय लोकसभा क्षेत्र मे सी.पी.आइ उम्मीदवार अवधेश राय समर्थन मे एक जनसभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव जनौलनि जे पछिला दस वर्ष मे एन.डी.ए सरकार महंगी आओर बेरोजगारी जेहेन मुद्दा पर किछु नहि कयलक। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सहित एन.डी.एक सभ नेता मुद्दाक गप करय सँ बचैत छथि। श्री यादव मुंगेर लोकसभा क्षेत्रक बाढ़ मे पार्टी प्रत्याशी कुमारी अनिताक पक्ष मे सेहो चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक लेल राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र—वाल्मिकीनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आओर महाराजगंज मे नामांकन वापिस लेबाक तिथि आइ समाप्त भऽ गेल। ई चरणक लेल नामांकन पत्रक जाँचक बाद नबासी उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। छठम चरणक लेल पचीस मई कऽ भोट खसाओल जायत।

---

लोकसभा चुनावक सातम चरण मे नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आओर जहानाबाद संसदीय क्षेत्र मे नामांकन पत्र भरबाक काज चलि रहल अछि। पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्र सँ आइ रामकृपाल यादव अपन पर्चा दाखिल कयलनि।

ओतहि, काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ निर्दलीय पवन सिंह सेहो अपन पर्चा दाखिल कयलनि। दोसर दिस सासाराम संसदीय क्षेत्र सँ निर्दलीय शिवशंकर राम आओर भारतीय जनता पार्टीक संतोष कुमार खरवार अपन–अपन नामांकन पत्र भरलनि। ई सभ लोकसभा क्षेत्र मे चौदह मई धरि नामांकन पत्र भरल जायत। नामांकन पत्रक जाँच पन्द्रह मई कऽ कयल जायत, जखनकि नाम वापसीक अंतिम तिथि सत्रह मई अछि। एहि चरण मे एक जून कऽ भोट खसाओल जायत।

———————————————————————————

खगड़िया लोकसभा क्षेत्रक बेलदौर विधानसभा क्षेत्र मे बूथ संख्या एक सय बेरासी आओर एक सय तिरासी पर काल्हि फेर सँ भोट खसाओल जायत। निर्वाचन आयोग ई दूनु केन्द्र पर पुनर्मतदान लेल जनौने छल। ध्यातव्य अछि जे सात मई कऽ तेसर चरणक मतदानक बीच असामाजिक तत्व सभ दूनु पोलिंग बूथ पर भेल हल्ला–गूल्लाक बाद ई.वी.एम के तोड़ि–फोड़ि देने छल।

———————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर पूर्व सांसद रंजन प्रसाद यादव आइ राष्ट्रीय जनता दल मे शामिल भऽ गेलाह। पटना मे राजद कार्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता आओर राज्यसभा सांसद मनोज झा हुनका पार्टीक सदस्यता दियौलनि।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय केन्द सरकार के दरभंगा एम्स बनेबाक लेल शोभन बाईपास लऽग आवंटित जमीनक व्यवहारिकता सँ जुड़ल रिपोर्ट दाखिल करबाक लेल जनौलक अछि। न्यायधीश सूर्यकान्त आओर के.बी. विश्वनाथनक पीठ दरभंगाक बदला सहरसा मे एम्स बनेबाक मांग के लऽकऽ दायर याचिका पर सुनवाई कऽ रहल छल। पीठ सरकार के जवाब दाखिल करबाक लेल छओ सप्ताह समय देलक अछि।

———————————————————————————

चक्रवातीय परिसंचरणक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे थमि–थमि कऽ बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच मुजफ्फरपुर मे सभ सँ बेसी छियासठि मिलीमीटर बारिश भेल अछि।  ओतहि, पूर्वी चंपारण जिलाक ललबगिया घाट मे तिरसठि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ राज्यक उत्तरी आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे बारिशक संग ठनका सेहो खसि

सकैत अछि। एहि बीच पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ आन्हर–विहारि सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बलिया थानाक बुजुर्गक गामक एक आमक गाँछी सँ पुलिस डकैतीक योजना बना रहल दस अपराधी के एक कारबाईन, एक देशी पेस्तौल, दू मैगजीन, नओ गोली, एगारह मोबाईल फोन आओर छओ मोटरसाइकिल संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, जिलाक साहेबपुर कमाल थानाक सनहा ढ़ाला लग पुलिस दू अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

मधेपुरा जिलाक ग्वालपारा मे मोटरसाइकिल सवार अपराधी सभ द्वारा कयल गेल गोलीबारी मे एक बुजुर्गक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि एक आन घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

मधुबनी नगर थानाक गिलेशन बाजार मे पुलिस दू सय सैंतालीस लीटर शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।